Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON $900,000 DOLA KE YO AKÒDE BAY PAK ETA YO, SANTYE YO, SIT ISTORIK YO AK ÒGANIZASYON PATNÈ TEREN PIBLIK YO

Li Mobilize Fon Prive ak Piblik pou Sipòte 30 Pwojè nan Tout New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sibvansyon pou $900,000 dola pou sipòte 30 òganizasyon a bi non likratif ki enplike nan jesyon pak leta yo, santye yo, sit istorik ak teren piblik yo.

Gouvènè Cuomo te deklare: "Bèl pak eta New York yo, santye yo, teren piblik yo ak sit istorik yo ofri dè opòtinite lwazi anplennè, nivo klas mondyal, k ap kontinye sipòte touris ak kwasans ekonomi lokal yo." "Patenarya sa yo ak òganizasyon yo ofri sipò inestimab pou sistèm pak nou an, epi sibvansyon yo anonse jodiya pral ede soutni efò gwoup sa yo pou yo konstwi pi bon sistèm pak eta pou jenerasyon k ap vini yo."

Se atravè Fon pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) eta a ke yo finanse pwogram Sibvansyon pou Patenarya Pak ak Santye yo (Park and Trail Partnership Grants). Sibvansyon yo soutni efò gwoup patnè yo pou kolekte fon prive pou dè pwojè envestisman, reyalize travay antretyen ak inisyativ anbelisman, ofri pwogram edikatif, ak pwomouvwa itilizasyon piblik plak yo nan òganize plizyè evènman espesyal.

Yo administre sibvansyon yo an patenarya avèk gwoup defansè Pak ak Santye ki san bi likratif New York yo. Fòk benefisyè yo jwenn finansman ekstèn ki vo omwen 10 pousan nan montan yo te resevwa kòm sibvansyon an.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare: "Pwogram Sibvansyon pou Patenarya Pak ak Santye yo pèmèt pou gwoup Friends yo ak lòt òganizasyon yo ranfòse ak elaji wòl yo antanke gadyen pak nou yo. Nou rekonesan pou tout sipò gwoup sa yo ak devouman kontinyèl yo pou konstwi ak amelyore eksperyans al nan pak yo pou tout vizitè yo ka jwi sa."

Komisè Depatman Eta pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos te deklare: "Pou pwoteje teren New York yo pou jenerasyon fiti yo, DEC travay kot-a-kot ak patnè lokal yo ak volontè yo pou pwomouvwa itilizasyon dirab epi ede kenbe santye nou yo pou piblik la pran plezi l an tout sekirite e ak yon fason responsab. Sibvansyon yo akòde jodiya pral pouse efò pou rann espas anplennè yo pi aksesib pou tout Nouyokè yo e pou ede vizitè yo konprann pi byen enpak yo sou resous natirèl yo nan optik pou enspire pwochen jenerasyon gadyen anviwònmantal yo."

Robin Dropkin, Direktè Egzekitif Pak ak Santye (Parks & Trails) New York yo, te deklare: " Ak kantite moun k ap dekouvri lanati pi plis de jou an jou e ak frekantasyon pak nou yo, santye yo ak teren piblik nou yo k ap ogmante, bezwen pou genyen dè patenarya piblik/piblik solid nesesè plis ke jamè. Sibvansyon pou Patenarya Pak ak Santye yo ede soutni wòl gwoup Friends yo nan patenarya vital sa yo."

Sibvansyon yo vize inisyativ yo ki ranfòse prezèvasyon, jesyon, entèpretasyon, mentnans ak pwomosyon pak, santye, sit istorik ak teren piblik Eta New York yo; ogmante dirabilite, efikasite, pwodiktivite, volontarya ak kapasite leve fon yo pou òganizasyon san bi likratif yo ki ap pwomouvwa, mentni ak sipòte pak, santye ak sit istorik eta yo ak teren piblik yo nan Eta New York ak; pwomouvwa touris ak avantaj devlopman ekonomik pou lwazi anplennè yo atravè kwasans ak ekspansyon yon rezo pak, santye ak espas vè yo ki konekte atravè eta a.

Benefisyè yo se:

Capital Region

- Friends of Fort Crailo (6,500 dola) -- Pou eksplwate kapasite pou atire atansyon sou the Friends of Fort Crailo ak Sit Istorik Crailo (Crailo State Historik Site) pandan n ap ranfòse efektif konsèy administrasyon an, pandan n ap elabore yon plan afilyasyon solid, epi n ap kreye yon sit entènèt.
- Friends of Grafton Lakes State Park (9,506 dola) - Pou ranfòse kapasite atravè afilyasyon, benevola ak devlopman donatè, epi finanse yon seri aktivite, tankou randone, monte bekàn nan mòn, seri film pou ete yo, aktivite leve fon, materyèl pwomosyonèl ak lòt inisyativ pou sipò.
- Friends of Saratoga Spa State Park (75,000 dola) -- Pou restore Coesa Spring House, ofri dè pano entèpretasyon sou Coesa Mineral Spring, epi pou enstale yon replik egzak de fontèn orijinal ki fèt an granit la.
- Friends of Bennington Battlefield (6,750 dola) - Pou ajoute fichye odyo ke pwofesyonèl pwodui, atravè Kòd QR sou pano entèpretasyon yo enstale resamman yo k ap rakonte divès resi de Batay la.
- Lake George Battlefield Park (Fort George) Alliance (2,040 dola) - Pou elabore, enprime ak distribiye yon Gid Touristik pou Battlefield Park ki aktyalize ak yon ti kat vizit pou enfòme vizitè sou nouvo Sant Entèpretasyon Lake George Battlefield Park la.

Central New York

- Friends of Clark Reservation (5,400 doila) - Pou devlope yon plan estratejik.
- Friends of Fillmore Glen State Park (13,296 dola) - Pou kreye kyòsk nan pak la ak dè kat jewografik, enfòmasyon, ak dè pano entèpretasyon edikatif epi pou met sinyalizasyon aktivite yo ajou.
- Friends of Lorenzo (43,020 dola) - Pou klase koleksyon kat mjewografi yo, foto yo, rejis fonsyè yo, lèt, ak lòt dokiman istorik fè l tounen yon koleksyon elektwonik ke yo ka itilize pou fasilite kontwòl ak itilizasyon entelektyèl.

Finger Lakes

- Friends of Letchworth State Park (50,700 dola) - Pou restore ak prezève 18 tab ikonik an wòch ke Kò Konsèvasyon Sivil (Civilian Conservation Corps) te fè nan espas piknik ki nan Wolf Creek ak Eddys yo.
- Sonnenberg Gardens ak Mansion State Historic Park (16,200 dola) - Pou finanse yon kanpay ak yon plan maketin pou sipòte nan domèn relasyon piblik ak leve fon yo.

Long Island

- Atlantic Marine Conservation Society (23,084 dola) - Pou enstale yon pano edikatif amelyore nan Hallock State Park Preserve ak Orient Beach State Park epi yon nouvo ekspozisyon nan Sal Kominotè Hallock State Park Preserve la pou mete an evidans ekosistèm ak lavi maren nan toude pak yo.
- Bayard Cutting Arboretum Horticultural Society (50,000 dola) - Pou rekrite yon Kowòdonatè edikatif pou òganize, ogmante ak amelyore pwogram edikasyonèl yo pou ofri pi bon sèvis bay kominote a ak arboretum la.
- Walt Whitman Birthplace Association (33,888 dola) - Pou ankouraje eritaj Whitman lan atravè sit entènèt ak kapasite elaji ak estrateji maketin ki pral mete atansyon, admirasyon, entèraksyon, ak sipò sou kote Whitman fèt la.

Mid-Hudson

- Calvert Vaux Preservation Alliance (36,000 dola) - Pou fè yon kontra ak yon Espesyalis Kominikasyon ak Devlopman ki pral etabli dè enfrastrikti kominikasyon ak devlopman esansyèl pou rekrite pèsonèl pwofesyonèl la, elaji sikonskripsyon piblik ak prive yo, epi òganize leve fon pou dè pwojè envestisman ak pwogram piblik yo.
- Fort Montgomery Battle Site Association (33,300 dola) -- Pou repare epi rann santye a sekiritè nan pòsyon lwès Fort Montgomery State Historic Site--dezyèm pati nan yon pwojè a de faz.
- Friends of the Old Croton Aqueduct (24,875 dola) - Pou elaji avèk siksè sansibilizasyon ak angajman kominotè a nan kominote defavorize ak divès kominote nan kenbe yon kowòdonatè a tan pasyèl pou ogmante konsyantizasyon sou Akedik la ak amelyore kapasite Friends yo.
- Friends of Rockefeller State Park Preserve, Inc. (60,000 dola) - Pou reyabilite wout kawosab istorik neglije Overlook Trail ki nan seksyon Swan Lake nan Rockefeller State Park Preserve la.
- Harlem Valley Rail Trail Association (75,000 dola) - Pou repare ak repave youn nan seksyon ki pi ansyen nan Harlem Valley Rail Trail la ki nan Taconic State Park la.
- Little Stony Point Citizens Association, Inc. (13,500 dola) - Pou ogmante opòtinite aksè, jesyon, ak edikasyon anviwònmantal nan rann santye neglije nan Little Stony Point la pi aksesib.
- Walkway Over the Hudson (64,996 dola) - Pou finanse yon pòs pou ka sipèvize Pwogram Anbasadè Walkway pou Ete a (yon pwogram anplwa pou jèn) e pou

ede nan operasyon k ap fèt sou pon an, aktivite yo, ak jesyon nouvo East Gate Plaza a.

Mohawk Valley

- Hyde Hall, Inc. (2,830 dola) - Pou konsevwa, fabrike, ak enstale kat pano entèpretasyon ak edikasyonèl ki entwodui vizitè yo ak istwa Hyde Hall la epi ofri yon akèy ak yon oryantasyon jeneral de sit la.

New York City

- Four Freedoms Park Conservancy (35,000 dola) - Pou finanse pwogramasyon nan FDR Four Freedoms State Park; planifye, devlope ak egzekite yon seri de vizit sou plas pa dè ekspè zòn nan; epi devlope ak ekzekite dè vizit otogide nan plizyè lang.

North Country

- Adirondack Architectural Heritage (30,000 dola) - Pou rive fini yon reyabilitasyon sou senk lane de 1.8-mil Ranger Trail ki nan Poke-O-Moonshine la kòm yon modèl santye enteresan, varye, ak santye dirab pou ale nan tèt mòn lan.
- Adirondack Mountain Club (14,139 dola) - Pou rekrite yon sèl manm pèsonèl la pou yon Pwogram Jesyon pandan Ete ki dwe estasyone sou tèt mòn ki pi wo nan New York la soti nan mwa me rive nan mwa oktòb pou edike piblik la sou ekosistèm alpin ak solisite èd yo nan pwoteje resous frajil sa a.
- Winona Forest Recreation Association ($26,837) - Pou double pakou santye evènman tradisyonèl yo nan mete senk nouvo pon, twa nouvo santye, epi fè travay reyabilitasyon, ki genyen ladann adisyon yon nouvo santye 5 mil ke moun ka itilize pou pwomennen, monte bekàn nan mòn, epi moun ka kouri nan santye yo.

Southern Tier

- Friends of The Catharine Valley Trail (13,500 dola) - Pou pote yon solisyon a ewozyon wout nou yo nan mete kanivo rekouvri l ak enstale de kyosk pou entèpretasyon nan de pozisyon estratejik.

Western NY

- Artpark & Company, Inc. (50,000 dola) - Pou kreye yon sistèm oryantasyon konplè ak entegre yon koneksyon Wi-Fi piblik sou tout chemen Artpark pou n ka bay aksè a done divès ak yon demografik vizitè Artpark yo, ak sèvi kòm yon nesesite fonksyonèl pou pwopoze sistèm pano entèraktif la ak koleksyon done.
- Chautauqua County Equestrian Trail System (64,805 dola) - Pou asire yon reyabilitasyon anviwònmantal dirab ak respektab nan santye ke yo rekonèt kòm

The Boulevard la, ki se yon pwen aksè esansyèl pou itilizatè santye yo epi ki te fèmen pou de ane ki sot pase yo akòz eksplwatasyon forè yo.

- Friends of Reinstein Nature Preserve (6,510 dola) - Pou founi dè pano entèpretasyon pèmanan, dirab sou tout "History Trail (Santye Istwa)" a ki enkli aksè a de nouvo fonksyonalite ak yon vizit gide odyo.
- Martin House Restoration Corporation (13,500 dola) - Pou retni yon estajyè k ap sipòte dezyèm faz yon pwojè koleksyon katalòge konplè ki pral ranfòse jesyon koleksyon yo epi rann yo pi aksesib.

Se DEC ki jere pwogram Adopt-a-Trailhead la (Chwazi yon Pwen Depa, AAT) ki te premye entwodui nan diskou Gouvènè a sou sitiyasyon Eta a an 2021, epi li bay piblik la opòtinite pou sipòte efò Eta a dirije pou pran swen teren eta yo epi edike kamarad vizitè yo sou valè amizman ki responsab. Pwogram AAT a soutni efò global ak kontinyèl DEC a pou l jere nan yon mannyè dirab frekantasyon teren piblik yo ki ogmante epi founi enfòmasyon enpòtan pou gide desizyon fiti k ap genyen pou pran nan kad jesyon teren yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram AAT a, vizite sit entènèt DEC a la a.

Parks & Trails New York se prensipal defansè pou pak ak santye yo nan Eta New York, k ap travay depi 35 ane pou ranfòse patenarya piblik-prive yo epi amelyore sante, ekonomi ak kalite lavi atravè itilizasyon ak jwisans peyizaj vèt la. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt www.ptny.org.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato yo, ki vizite pa 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon, sou zòn rekreyatif Pak Eta yo, rele 518-474-0456 oswa vizite sit entènèt parks.ny.gov, konekte sou Facebook, oswa suiv sou Twitter.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU